



Pou Piblikasyon Imedya: 24/06/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO, GOUVÈNÈ MURPHY AK GOUVÈNÈ LAMONT ANONSE YON AVI VWAYAJ KONJWEN KE TOUT MOUN K'AP VWAYAJE VINI SOTI NAN ETA YO KI GEN YON PWOPAGASYON KOMINOTÈ COVID-19 SINIFIKATIF POU YO AN KARANTÈN POU 14 JOU

Avi ant twa eta a pral itilize paramèt ak mesaj inifòm atravè twa eta yo

L'ap antre an vigè aswè a minwi

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo, Gouvènè New Jersey Phil Murphy ak Gouvènè Connecticut Ned Lamont te anonse yon avi vwayaj konjwen ke tout moun k'ap vwayaje vini soti nan eta ki gen pwopagasyon kominotè COVID-19 sinifikatif pou yo ankarantèn pou yon peryòd 14 jou apati dènye kontak li nan eta yo idantifye a.

Karantèn sa a - antre an vigè aswè a minwi - aplike pou nenpòt ki moun ki rive soti nan yon eta ki gen yon pousantaj tèz pozitif pi wo pase 10 pou chak 100,000 abitan sou yon mwayèn mobil 7 jou oswa yon eta ki gen yon pousantaj 10% oswa pi wo pozitivite sou yon mwayèn mobil 7 jou.

New York, New Jersey ak Connecticut pral toujou mete ajou epi pibliye sou sit entènèt respektif yo yon lis eta ke nouvo avi a aplike pou yo. Enfòmasyon sa a pral ajou regilyèman.

Mezi a twa eta a pral sèvi ak paramèt ak mesaj inifòm sou otowout yo, ayewopò yo, sit entènèt yo ak meday sosyo atravè twa eta yo. Twa eta sa yo pral mande tou otèl yo kominike 14 jou karantèn lan ak enviteyo ki te vwayaje soti nan youn nan eta ki afekte yo.

"Nan New York nou te rive nan kantite ka ki pi wo pou desann nan kèk nan to ki pi ba yo nan peyi a - pa gen okenn lòt ki te oblije pliye koub nan tout nivo sa jan nou te fè e kounye a nou dwe asire ke to a kontinye bese nan tout rejyon nou an", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou deja travay ak vwazen nou yo nan New Jersey ak Connecticut pandan tout moman pandemi sa a, e nou ap anonse yon avi vwayaj konjwen ki di ke moun ki vini soti nan eta ki gen yon to enfeksyon elve yo dweplase an karantèn pou 14 jou. Nou travay trè di pou fè to ransmisyon viral la desann e nou pa vle wè li moute ankò paske moun ap vwayaje nan eta a ak pote li ak yo."

"Pandan tout mwa ki sot pase yo, eta nou yo te pran mezi agresif pou aplati koub la epi repouse kowonaviris la", **Gouvènè Murphy te deklare**, "Kòm rezilta efò kolektif nou yo, nou gen to enfeksyon ki ba, to ospitalizasyon an bese, epi nou deja re-ouvri ekonomi nou an regilyèman. Malerezman anpil eta kontinye gen gwo to transmisyon. Nou fyè pou travay avèk patnè nou yo nan New York ak Connecticut sou yon avi vwayaj konjwen k'ap vini pou asire pwogrè kontinyèl kont viris sa a ak kenbe rezidan nan zòn twa eta yo an sekirite."

"Travay ansanm kòm yon rejyon pwouve yon imans siksè, jan eta respektif nou yo ki ap mennen nan peyi a nan sa ki gen pou wè ak repons nou yo ak enfeksyon ki ba ak to pozitivite ki gen rapò ak kapasite tès ki ogmante", **Gouvènè Lamont te deklare**. "Nou te pran desizyon difisil pandan tout moman pandemi sa a, men nou pwouve ke nou t'ap pran anpil desizyon ki bon. Etap sa a vize enfòmè vwayajè yo ki fòme eta ki gen pwen cho yo pou izole tèt yo fèt pou pwoteje rezidan nou yo epi kenbe pwogrè sante piblik enkwayab nou yo."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)